ZAMONAVIY DUNYODA INNOVATSION TADQIQOTLAR
Respublika ilmiy-amaliy konferensiyasi • TEZIS

ZDIT
Vol. 5 • No. 27 • 2026

# ПОДКАСТ КОНТЕНТИНИҢ БАСПАСӨЗГЕ ИНТЕРГАЦИЯСЫ

**Несибели Мамбетирзаева**
ҚМУ ассистенти
https://doi.org/10.5281/zenodo.22841188
Received: 14 September 2026 • Accepted: 18 September 2026 • Published: 19 September 2026

Келешекте подкаст контентиниң раўажланыў бағдары көбирек гибрид медиа ҳәм конвергенция процесслери менен белгиленеди. Текст, даўыс, видео ҳәм интерактив элементлердиң үйлесиўи нәтийжесинде қәлиплесип атырған трансмедиа нарратив модельлери подкастты өз алдына, изоляцияланған формат сыпатында емес, ал қайсыдур медианың улыўма санлы экосистемасына органикалық түрде сиңисип кеткен ажыралмас бөлеги сыпатында қәлиплестириўи де мүмкин. Себеби, бүгин өзгеше тенденция көзге тасланбақта. Подкаст жекке ҳалда контент болыўы менен бирге түрли ғалаба хабар қураллары қурамында да пайда болмақта. Подкаст – аудио ҳәм видео форматта болғанлықтан телевидение ҳәм радиода кеңнен қолланылмақта, арнаўлы подкаст студиялары да ашылған. Усы орында сораў туўылады – подкаст мүмкиншиликлеринен баспасөзде де нәтийжели пайдаланыў мүмкин бе?

Теманың актуаллығы сонда, дәстүрий баспасөз басылымлары – газета ҳәм журналлар – санлы орталықта өз орнын сақлап қалыў, аудиториясын кеңейтиў ҳәм дәрамат дәреклерин диверсификациялаў зәрүрлигине дус келмекте. Ал подкастлар болса еркин дөретиўшилер ушын да, дәстүрий редакциялар ушын да дәстүрий радиостанция ямаса телеканал сыяқлы қымбат инфраструктурасыз-ақ аудиторияға шығыў мүмкиншилигин беретуғын нәтийжели қурал сыпатында майданға шықпақта[1].

Усы күнге шекем жергиликли баспасөз системасы, Қарақалпақстан газета-журналлары мысалында подкастты институционалластырыў мәселеси илимий изертленбеген. Бул бослық жумысымыздың илимий жаңалығын белгилейди: изертлеўде биринши мәрте регионаллық баспасөз басылымлары тийкарында подкаст форматын енгизиўдиң концептуаллық бағдарларын системалы түрде қарап шығамыз.

Изертлеў барысында салыстырмалы анализ, контент-анализ ҳәм бақлаў методларынан пайдаланылды.

Подкасттың журналистика тараўында өз алдына феномен сыпатында тән алыныўына ең айқын мысал – The New York Times басылымының 2017-жылы иске түсирген "The Daily" жойбары болып табылады. Ол күнниң ең әҳмийетли жаңалықларын анализлеп, шолыў жасайды. «Жаңалықлар усылай еситилиўи керек» деген сүрен астында старт алған бул күнделикли подкаст еки жыл ишинде бир миллиардтан аслам жүклеп алыныўға еристи ҳәм баспасөз-подкаст интеграциясының үлгили модели сыпатында тән алынды. Соннан кейин "Daily"атамасының өзи әмелиятта дерлик «күнделикли подкаст»тың синоними дәрежесине көтерилди – бул болса форматтың медиа санаатында қаншелли терең тамыр жайғанынан дәрек береди. "The Daily" табысын тек ғана аудиторияны кеңейтиў емес, ал брендке болған исенимди беккемлеў ҳәм цифрлы жазылыў модельин қоллап-қуўатлаў факторы сыпатында баҳалаў мүмкин.

Россия Федерациясында «Форбес» ҳәм «Умная Россия» сыяқлы экономикалық ҳәм илимий-көпшиликке арналған басылымларының подкастлары эксперт контентин әпиўайы ҳәм аудиовизуал формада жеткерип бериў усылы сыпатында кеңнен қолланылмақта. Басылымлар аудиториясын сақлап қалыў мақсетинде аудиоформаттан өзине тән бизнес-қурал сыпатында пайдаланбақта. Ҳаял-қызлар ҳәм социаллық

© 2026 The Author(s). Open Access under CC BY 4.0.

темаларға арналған цифрлы басылым «Горящая изба» болса подкастлар арқалы («Женщины и всё» сыяқлы бағдарламалар мысалында) аудитория менен жақын, эмпатик байланыс орната алған.







Өзбек ҳәм қарақалпақ баспасөзинде аудио ҳәм видео материалларды газетаға интеграция етиў ҳалатлары гүзетиледи. Мысалы, "Postda" газетасының дерлик ҳәр бир санында белгили бир темада руўхыйлық сабақлары бериледи.




Материалларға QR код қойылған болып, үстине бассаң видео сабақлық пенен танысыў мүмкиншилиги жаратылған.

Сондай-ақ газетаның балалар, спорт, шаңарақ киби ишки қосымша бетлеринде де түрли форматтағы аудио ҳә видео материалларға жөнелтпе бериледи. Төмендеги санында Алишер Файздың «Оиламизга» қосығын тыңлап, дем алыў ушын QR код берилген.



8 Musiqiy tanaffus POSTDA Oila

QR-kod orqali o‘ting va Alisher Fayzning «Oilamizga» taronasini tinglab, qalbingizni iliqlik bilan to‘ldiring!
Oilaviy qadriyatlarni tarannum etuvchi ushbu samimiy qo‘shiq sizga a’lo kayfiyat va cheksiz quvonch bag‘ishlaydi.

Farzandimning yutug‘i

OILAMIZNING SAN’AT G‘UNCHASI

Oilamizda Vatanga sadoqat bilan xizmat qilish va ilm-ma’rifatga intilish asosiy qadriyat hisoblanadi. Turmush o‘rtog‘im – polkovnik Mehmonali Suvonqulov, professor, yuridik fanlar nomzodi, IIV Malaka oshirish instituti yuridik fanlar kafedrasi boshlig‘i. Uch farzandimizni ham yoshligidan ilmga, san’atga va sportga yo‘naltirishga harakat qildik. Katta farzandimiz bizning izimizdan bordi, kenja o‘g‘limiz esa futbolda o‘z iqtidorini namoyon etmoqda. Ammo bugun o‘rtancha qizimiz – No-

Усыған уқсаған тенденция Өзбекстан Кәсиплик аўқамы федерациясының “Ishonch” газетасында да жийе гүзетиледи. Газетаның 2026-жыл, 6-август санында № 96(5316) санында Оғабек Собировтың Халқлар дўстлиги сарайындағы микрафонсыз атқарған концертине QR код берилген. QR код үстине бассаң газетаның телеграмм каналына өтиледи. Каналға концерт дәстүри толық ҳалында жайластырған.

Халық демократиялық партиясының «Қарақалпақстан ҳаўазы» газетасының да радио менен интеграция жақсы жолға қойылған. Газетаның 2025-жыл, 25-ноябрь № 10 (447) санында кишкене драбллар берилген болып, егер қызығыўшылық болса, соған уқсаған драблларды аудио форматта еситиў ушын код берилген.



Бахрам УРАЗБАЕВ,
Хожели районы айрықша жағдайлар бөлиминиң 20-КӨҚБ смена баслығы.

...лиў дәўири

...САНЛЫ ОРТАЛЫҚ ...А» МЕНЕН ТУРМЫС ...НЕ ДЕ АРТАДЫ

ибарат. Пүткил система қосымша арқалы ямаса қолда қадағаланады.

Электр энергиясы ҳәм газ тәмийнатында болса ASKUE ҳәм ASKUG системалары себепли халыққа есап жағдайын аралықтан бақлап барыў ҳәм қаржы менен толтырып барыў имканияты жаратылмақта. Бул арқалы электр ямаса газ мекемелеринде гезекте турыў сапластырылды.

Коммуналлық хызметлер бағдарында халық пенен финанслық қатнасықлар толық санластырылып, мобил байланыс қуралы ямаса тутыныўшының сайттағы жеке кабинети арқалы барлық төлемлерди әмелге асырыў системасы иске қосылған. Бул тәбийғый ресурсларды үнемлеў, экологиялық турақлылықты тәмийинлеў, артықша қағазбазлыққа шек қойыў, экономикалық нәтийжелиликти арттырыўға хызмет етеди.

«Ақыллы медицина» болса денсаўлықты сақлаў системасында жаңа бағдар сыпатында тараўда аз ўақыт ҳәм күш жумсап жоқары нәтийжелерге ерисиў мақсетин гөзлейди. Бул арқалы кеселликлерди ерте анықлаў дәрежеси артты ҳәм аралықтан профилактика жумыслары жолға қойылды.

Усы мақаланың даўамын оқыў ушын қапталдағы QR кодты сканерлеп алыў керек болады.

мал бақсын ямаса өз ... билинде жолаўшы тасыў хызметин атқарса бул демек өзин-өзи бәнт етти дегени болады. Буны әмелге асырыў ушын еки қәдем жеткиликли.

Өзин-өзи бәнт еткиси келген пуқа-

Хамидулла САБУРОВ,
Бюджеттен тысқары пенсия қоры Тақыятас районлық бөлими сектор бас қәнийгеси.

Билип қойғаныңыз жақсы

«ALIBABA» – ОНЛАЙН САЎДА ПЛАТФОРМАСЫНЫҢ ЖАРАТЫЛЫЎЫ

Әпиўайы инглис тили оқытыўшысы болған Жек Ма интернет имканиятларын көргеннен кейин, 1999-жылы өзиниң әрманын әмелге асырыўға қарар етеди.

... капиталы дерлик жоқ еди. бирақ исеними ҳәм умтылысы шексиз болған.

Оның умтылысы нәтийжесинде «Alibaba» онлайн саўда дүканы – Қытайдағы киши исбилерменлерди дүнья базары менен байланыстыратуғын инновациялық платформа идеясы жүзеге келди.

Бүгинги күнде онлайн саўда дүканы тек ғана Қытайда емес, пүткил дүньядағы миллионлаған исбилерменлер ушын исенимли бирге ислесиўши ҳәм электрон саўда жетекшисине айланған.

Компанияның улыўма баҳасы 200 миллиард доллардан артық, оның хызметлеринен болса, ҳәр күни миллионлаған инсанлар пайдаланбақта.

Компания тийкаршысының сүрени: «Егер сенде пул болмаса – ақылың менен жеңип шық. Егер идея болмаса – әрманларың менен жол басла».

“УЗАҚ ӨМИР СҮРИЎДИҢ СЫРЫ”

“The New York Times” газетасында жазылыўынша, узақ жасаў медицинасына қәнигелескен ҚХРдың “Lonvi Biosciences” стартап жойбары өмирди 100 жылдан 120 жылға шекем узайтатуғын таблеткалар ислеп шығармақта.

Басылымға бола, картайыўға қарсы бул таблетка жүзим тұқымы экстрактында бар болған бирикпе тийкарында жаратылған.

Бизге белгили, жүзим тұқымлары Батыста ҳәм дәстүрий Қытай медицинасында узақ ўақыттан берли саламат аўқат ретинде белгили болып келген.

Алдыныраq, “South China Morning Post” газетасы январь айында 124 жасын белгилеген қытайлы ҳаялдың өз ўақтында саламат аўқатланыўы “узақ өмир сүриўдиң сыры” екенин хабарлаған еди.

РАДИО ГАЗЕТАҒА КӨШКЕНДЕ

Қарақалпапақстан радиоканалы арқалы ҳаўа толқынларына узатылып атырған киши көлемдеги аудио гүрриңлер, яғный драблларды газетамыз арқалы тыңлаў имканиятына ийесиз.

Радиодраблларды тыңлаў ушын Сиз төмендеги қәлеген QR кодты сканерлеп алсаңыз болады.

Бас редактор: Миażатдин ҚУТЛЫМУРАТОВ

МӘКАН ЖАЙЫМЫЗ: Қарақалпақстан Республикасы, Нөкис қаласы, Алмазар көшеси 23-жай, телефон (61) 226-14-24

Газета А-3 форматында айына бир мәрте шығады. Газетаның көлеми 1 баспа табақ.
Қарақалпақстан Баспасөз ҳәм хабар агентлигинде дизимге алынғанлығы туўралы 2007-жыл 8-февральда берилген гүўалық №01-008.

Газета компьютерде терилди ҳәм офсет усылында басылды.

Газета редакциясына келип түскен хатлар, қолжазбалар ҳәм сүўретлер рецензияланбайды ҳәм қайтарылмайды.

Усақлап сатыўда еркин баҳада

Реклама ҳәм дағазалардың дурыслығына реклама бериўши жуўапкер

Нәўбетши: Г.АЙМУРАТОВА

Индекс 2016,2017.
Нусқасы-1000
Буйыртпа – 714
Басыўға руқсат етилген ўақты 28-ноябрь, 2025-жыл.

...kus» ЖШЖ баспаханасы. Нөкис қаласы, Н.Сараев көшеси, 1-жай.

Бул мысаллар тексттиң аудиовизуалласыўы ямаса баспасөздиң заманға сай мултимедиалық форматқа айланыўы саналады. Усы әмелиятларға сай баспасөз басылымларына подкаст системасын енгизиў мүмкин. Ең әпиўайы усылларынан бири журналистлер қызықлы бир аналитикалық, публицистикалық мақала жазса ондағы мағлыўматларды қалай алғанлығы, машқаланы қалай алып шыққанлығы, қандай

қыйыншылықларға жолыққаны ямаса мақала бойынша кеңирек мағлыўматты аудио ямаса подкаст арқалы жеткизсе болады. Текст көбирек орын ийелейди. «Көз қорқақ...», деген нақылға жүгинсек, бүгинги аудитория үлкен көлемдеги материалды оқығысы келмейди, бирақ өзлери қызыққан темадағы аудио контентлерди саатлап еситиўге разы. Себеби аудио контентлер арнаўлы ўақыт талап етпейди, қолды байламайды, көриў зәрүрлиги жоқ. Жолда, спорт яки басқа жумыс пенен бәнт ҳалда тыңлаў мүмкин. Бул информация әсиринде подкасттың ең үлкен үстинлиги саналады.

Бүгин қәнигелескен ҳәм тематикалық подкастлар анық өз аудиториясына ийе. Сонлықтан, дәстүрий басылымлардың өзине тән қәнигелесиўи ҳәм көп жыллық абыройы белгили бир бағдардағы экспертлик подкастлары “узақ өмир көриўши контент” (evergreen content)  концепциясына толық жуўап береди ҳәм ўақыт өтсе де өз қунын жоғалтпаўы мүмкин.

• “Устаз жолы” газетасы жанында подкаст шөлкемлестирилсе, билимлендириў, тәлим-тәрбия, заманагөй методикалар ҳәм интеллектуал раўажланыў мәселелерине бағышланған подкастлар топламы муғаллимлер, ата-аналар ҳәм студентлер ушын турақлы актуал ресурсқа айланады. Бул жерде мектепке шекемги тәлимнен баслап, жоқары билимлендириў трансформациясына шекемги болған аналитикалық сәўбетлер, билимлендириў тараўында қабыл етилген нызам ҳәм қарарларға экспертлер шолыўлары, керек болса ҳәр бир пән, қәнигеликлер бойынша арнаўлы подкастлар ашыў мүмкин (шет тили, бизнес, психология, экономика, дифектология, логопед сыяқлы дүньядағы жетекши бағдарлардағы подкастлар).

Бир пайытлары оқыў орынларында газета-журналлар методологиялық дерек сыпатында пайдаланылатуғын еди. Бүгин «Медиасаўатлылық ҳәм информациялық қәўипсизлик» пәни дүнья бойлап мектеплерде, орта ҳәм жоқары оқыў орынларында өтилмекте. Бирақ соңғы пайытлары басылымлардан турақлы пайдаланылмай атыр. Егер билимлендириў тараўы газета-журналларына подкаст интеграция етилсе, келешекте саламат, керекли информация менен жас әўладты тәмийинлей мүмкиншилиги жаратылады. Усы жол менен исенимли, профессионал подкастлар ислеп шығыўға ерисиледи. Себеби бүгин подкастларды исенимли мағлыўмат па ямаса тек субъектив пикирме  тексеретуғын арнаўлы платформалар ямаса шөлкем жоқ.

Бүгинги күнде глобал медиа базарында ең көп тарқалған true crime (реал жынаятлар анализи) жанры “Тынышлық сақшысы”, «Ғәрезсизлик ҳәм нызам» газеталарыда ислеп шығылса бул газеталардың аналитикалық потенциалын жаңа басқышқа көтерилиўи мүмкин. Жергиликли жынаят хроникалары, профилактика, суд-ҳуқық тараўындағы экспертлик талқылаўлар ҳәм нызамшылыққа тийкарланған экскурсларға сүйенген подкастлар аудиторияда жоқары триггер ҳәм қызығыўшылық оятыўы анық.

Подкастлар ҳәр қайсы қәнигелескен газета-журналға мас таярланыўы мүмкин ҳәм потенциал жүдә жоқары, анық белгиленген аудиториясы да болады. Мысалы, әдебият тараўына қәнигелескен баспасөз басылымлары ҳәм балалар дәўирли басылымлары системасында подкаст индустриясын енгизиў – заманагөй медиаконвергенцияның ең перспективалы ҳәм социаллық әҳмийетке ийе бағдарларынан есапланады. Мысалы, «Қарақалпақ әдебияты» газетасы әдебият ҳәм көркем өнер бағдарындағы басылымлар тийкарында аудиоплатформалар жаратыў текстли мәденияттан аудио-визуал мәдениятқа өтиў дәўиринде әдебий орталықтың трансформациясын тәмийинлейди. Бул жерде подкаст тек ғана тексттиң альтернативасы емес, ал шығарманың интеллектуаллық ҳәм эмоционаллық қабыл етилиўин тереңлестиретуғын қурал болып табылады. Бул тенденцияның әҳмийети - жаңа көркем шығармалар, қосықлар топламларын авторлардың өз даўысында шеберлик пенен оқып бериўи (әсиресе, көркем деталлар ҳәм интонация сәўлеленген ҳалда) аудиторияда жоқары эстетикалық тәсир оятады. Екиншиден, илимий ҳәм сыншыл дискурс қәлиплеседи. Заманагөй әдебий процесслер, романлар анализи, әдебияттаныў ҳәм текстология машқалалары бойынша илимпазлар, сыншылар ҳәм жазыўшылар қатнасындағы пикир-таласлар, дөгерек сәўбетлери илимий-көпшиликке арналған подкаст форматлары ушын таяр мазмун есапланады. Үшиншиден, авторлық интервьюлер ҳәм Эссеистикаға негиз жаратылады.

Жазыўшылардың дөретиўшилик шеберханасының сырлары, аўдарма өнериниң машқалаларына бағышланған сәўбетлер топламы ўақыт өтиўи менен бийбаҳа аудиоархив ўазыйпасын атқарады.

Бүгинги Қарақалпақстан республикасында көпшиликти қәўетерге салған, жабылыў алдында турған балалар газетасы «Жеткиншек» ҳәм «Қарлығаш» журналы тийкарында да подкастлар шөлкемлестириў медиапедагогика ҳәм когнитив психология көзқарасынан жүдә зәрүр.

Бириншиден, аудио-лингвистикалық раўажланыў ҳәм тил көнликпелерин ислеп шығыў керек. Мектепке шекемги ҳәм киши мектеп жасындағы балаларда аудиоинформацияны қабыл етиў (тыңлап түсиниў) сөйлеў байлығын арттырыў, фонематикалық еситиўди раўажландырыў ҳәм сөзлик қорды кеңейтиўдиң тийкарғы факторы есапланады. Дәслепки басқышта тәбият даўысларын имитация қылыў, даўыслы ҳәм бир буўынлы сөзлер, әлипбе элементлери киритиледи. Қурамаласыў басқышында киши көлемдеги қосықлар, ертеклер, рольли диалоглар ҳәм аудиоспектакльлер жаратылады. Усындай избе-из аудио-лингвистикалық шынығыўлар баланың когнитив аппаратын қурамалы сөйлеў конструкцияларын өз бетинше дүзиўге таярлайды. Бул аудио материаллар кейин ала баланың керекли тараў бойынша подкастлар тыңлаў (еситип аңлаў) арқалы билим алыў көнликпесин шынықтырады. Себеби бүгинги глобалласыў ҳәм цифрластырыў шараятында балалар психикасы экстремал дәрежедеги "визуал агрессия" объекти болып қалмақта. Экран ҳәм гаджетлерге ғәрезли жағдайда визуал хабарды ҳәдден тыс көп тутыныў мийдиң анализлеў орайларының искерлигин пәсейтеди. Буның нәтийжесинде балалар арасында клиникалық патологиялар – тутылыў, психикалық раўажланыўдан артта қалыў (ЗПР — задержка психического развития) ҳәм сөйлеў раўажланыўынан артта қалыў (ЗРР — задержка речевого развития) сыяқлы жағдайлар кескин көбейип бармақта. Бундай шараятта хабар жеткерип бериўдиң альтернатив ҳәм қәўипсиз каналы сыпатында аудио форматлар (подкастлар) экранға ғәрезлиликти кемейтиўши, көриў қәбилетин ҳәм нерв системасын сақлаўшы профильактикалық қурал функциясын атқарады. Подкастлар балаға визуал басым өткерместен, оның қыял дүньясын (ишки псевдо-визуалластырыў қәбилетин) раўажландырады. Бала аудиоертек ямаса қызықлы фактти тыңлап, өз қыялында қаҳарманлардың образын өз бетинше сәўлелендиреди.

Усылайынша баспасөзге подкастларды интеграция етсек, ямаса газета-журналлар жанында подкаст платформаларын иске түсирсек, миллий медиа сегментиндеги бослық ҳәм контент жетиспеўшилигин де сапластырыў мүмкиншилиги жаратылады. Бул келешек әўладтың интеллектуал ҳәм психо-эмоционал денсаўлығын сақлаўға қаратылған әҳмийетли социаллық-педагогикалық қәдем болып есапланады.

Кейинги басқыш сыпатында жаратылған контентлерди стрим-платформаларына жайластырыў имканиятын қарап шығыў керек. Мысалы, дүньяда Spotify, Apple Podcasts сыяқлы подкаст қосымшаларында балалар қәўипсизлиги тәмийинленген арнаўлы аудиосекциялар бар. Мәселен, «Story Pirates» подкастында балалар тәрепинен жазылған гүрриңлер профессионал актёрлар ҳәм музыкантлар тәрепинен аудиоспектакль ҳалына келтириледи.

Подкаст мүмкиншиликлеринен пайдаланыўдың және бир периспективалы жолы – қарақалпақстан медиасында қәнигелеспей қалған көплеген жөнелислер бар. Алдынлары ҳаял-қызлардың «Арал қызлары» журналы бар еди. Ҳәзир усы журнал архив базасына таянып, бүгинги заманға сай интернет сегментинде қарақалпақ ҳаял-қызлары ушын арнаўлы подкаст ислеп шығарыў мүмкин. Онда ҳаял-қызларды қыйнап киятырған көплеген актуал мәселелер бойынша эксперт сәўбетлери, психологиялық қоллап-қуўатлаў, ҳаял-қызлар исбилерменлиги ҳәм денсаўлықты сақлаў мәселелеринде тараў қәнигелери менен (психологлар, социологлар, лидерлер, шыпакерлер...) сәўбетлер шөлкемлестириў, перзент тәрбиясы, яки ҳаял-қызлар ҳуқықы, гендер теңлик мәселелери бойынша зәрүр билимлерди берип барса болады.

Ҳәр бир жәмийетте информация жақсы ислеп шығылса, тараўлар да соған жараса алға илгерилейди. Келешекте тек ғалаба хабар қураллары емес мәлимлеме хызметлери

жанында да подкаст студияларын жолға қойыў шөлкем брендин жаратыўда үлкен роль ойнайды.

Жуўмақ орнында атап өтиў керек, баспасөз жанында яки қурамында подкаст студияларының шөлкемлестирилиўи дәстүрий баспа өнимлерине жаңа социаллық ҳәм экономикалық өмир бағышлайды. Бул жойбарлар заман талабына сай контент-маркетинг стратегиясын жаратып, Қарақалпақстан медиа орталығында санлы мәдений капиталдың артыўына хызмет етеди.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Подкаст как новый формат публичной коммуникации в условиях цифровой медиасреды //Воинова Екатерина Андреевна, Сивякова Екатерина Викторовна. URL:https://cyberleninka.ru/article/n/podkast-kak-novyy-format-publichnoy-kommunikatsii-v-usloviyahtsifrovoy mediasredy (дата обращения: 11.11.2024 г.)
2. «Постда» газетасының 2026-жылғы санлары
3. «Ишонч» газетасының 2026-жылғы санлары
4. «Қарақалпақстан ҳаўазы» газетасының 2025-жыл, 25-ноябрь № 10 (447) саны